



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AP ÒGANIZE PREMYE KONFERANS SOU INISYATIV POU
REZISTANS AK KWASANS EKONOMIK NAN LAK ONTARIO EPI L ANONSE GEN
JISKA 300 MILYON DOLA FINANSMAN KI DISPONIB POU KOMINOTE
INONDASYON LAK ONTARIO A TE TOUCHE YO**

Gouvènè a te resevwa plis pase 250 fonksyonè eta ak lokal

Gouvènman lokal yo pral bay 15 poustan pou chak dola eta a depanse

*Eta a ap travay avèk gouvènman lokal inondasyon te touche yo pou elabore plan
pou rezistans ak kwasans ekonomik*

*Gouvènman lokal yo gen kòm dènye delè Jou Travay la pou soumet pwojè kot
Komisyon REDI a pou yo konsidere finanse yo*

Gouvènè a deplwaye 100 lòt Gad Nasyonal pou misyon sak sab la

*Gouvèvè a lanse yon nouvo sit wèb pou ede kominote ki viktim inondasyon yo
chèche èd imeda*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te òganize premye reyinyon dirijan kominotè yo ak komisyon sou Inisyativ Rezistans ak Kwasans Ekonomik (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Lak Ontario a, kote li te anonse gen jiska 300 milyon dola finansman ki disponib pou kominote yo ki viktim inondasyon Lak Ontario. Gouvènman lokal yo pral bay 15 poustan pou chak dola eta a depanse. Gouvènè a, komisyon an ak plis pase 250 fonksyonè eta ak lokal sòti nan kominote sou rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence te rasanble nan Rochester pou elabore plan pou redui risk la pou enfrastrikti an bò lak la epi an memm tan pou ranfòse ekonomi lokal yo nan rejyon an, ki depann anpil de touris dete a. Zòn sa yo te devaste anba inondasyon poutèt nivo dlo elve istorik nan lak la de fwa, toudabò an 2017 epi ankò ane sa a. Nan toude ka yo, inondasyon sa a lakòz ewozyon jeneralize sou rivaj la, donmaj nan estrikti liy kotye a epi li te mete enfrastrikti a an danje. Anplis de sa, Gouvènè a te deplwaye 100 lòt Gad Nasyonal pou misyon sak sab nan kominote yo nan Lak Ontario.

"Nou gen yon gwo defi k ap tann nou. Sitiyasyon sa a avèk Lak Ontario se pa yon evènman ki rive yon sèl fwa nan lavi, epi kesyon an kounye a se pa si li rive ankò, men se lè l ap rive ankò", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Komisyon REDI a pral pran mezi san presedan. Sa pral mande kolaborasyon total. Sa pral mande kreyativite. Sa pral mande pou tout moun travay ansam. Sa pral mande pou nou depase limit yo. Sa pral mande anpil resous. Epi mwen vle pou n konnen nan efò san presedan sa a, Eta New York kanpe dèyè kominote Lak Ontario yo epi nou pral rezève jiska 300 milyon dola pou fè kalite travay rezistans ak kwasans ekonomik nou dwe fè a."

"N ap lanse yon efò konsekan pou pwoteje kay, biznis, ak mwayen egzistans moun sou rivaj Lak Ontario a gras a pouvwa gouvènman ak travay an kolaborasyon avèk kominote lokal yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te pale nan anons lan jodi a, te di.** "Nou gen responsabilite pou nou pwoteje lak la epi garanti nou rebati yon fason ki pi solid ak pi entelijan pou lavni."

Depi inondasyon rekò ki te fèt anvan sa a an 2017, Eta a te rezève plis pase 100 milyon dola pou rekonstwi kominote yo sou rivaj Lak Ontario ki te devaste nan inondasyon 2017 yo, sèlman pou yo te sibi yon lòt fwa ankò nivo rekò dlo wo ak inondasyon nan menm kominote sa yo ane sa a. Apwòch gwoup travay REDI an elabore a ak tout envestisman ki swiv kòm rezulta rekòmandasyon li yo pral pran an kont nouveau reyalite kominote sa yo ap konfwonte.

Komisyon an vizite epi egzamine zòn inondasyon yo frape di yo nan Lak Ontario, sa gen ladan zòn ki te sibi gwo inondasyon an 2017. Gras a opinyon ak pwopozisyon dirijan lokal yo gwoup travay la pral elabore yon dosye nouveau mezi - sòti nan chanjman lejislatif pase pa dosye èd rive nan aksyon egzekitif - ki p ap sèlman rebati rivaj la, men k ap ogmante rezistans pou sipòte kèlkeswa sa Manman Lanati ap pote nan lavni.

Nan reyinyon jodi a, gouvènman lokal yo te kòmanse defini priyorite enfrastrikti ak kwasans ekonomik yo pou fonksyonè eta yo ki pral akòde finansman bay pwojè komisyon REDI an idantifye yo. Gouvènman lokal yo gen jiska Jou Travay la (Labor Day) pou soumèt pwojè yo pou konsiderasyon.

Gouvènè a anonse tou lansman yon nouveau [sit wèb](#) pou ede dirijan lokal yo ak manm yo nan kominote k ap sibi inondasyon yo chèche èd imeda nan men eta a. Sit wèb la sèvi kòm yon sant enfòmasyon santralize pou bay Nouyòkè yo ki rete sou rivaj Lak Ontario a enfòmasyon yo bezwen yo pou reziste a dlo k ap monte yo. Sou sit la, rezidan yo kapab jwenn enfòmasyon depi nan kijan pou mande resous pase pa done sou nivo lak la rive nan enfòmasyon sou pèmi ak sibvansyon. Amezi sitiayson an ap pwogrese, y ap mete sit la ajou avèk lòt resous ki gen dwa itil.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la Howard Zemsky te deklare, "Komisyon REDI an pral fè rekòmandasyon estratejik an kolaborasyon avèk pati enterese lokal yo, epi konsa kreye opòtinite kwasans ekonomik pandan I ap rebati kominote pi rezistan devan nouveau reyalite sa a nan anviwònman an".

Basil Seggos, Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) New York la, te deklare, "Ogmantasyon nan entansite ak kantite tanpèt yo ak pwoblèm klima k ap chanje a kreye yo kounye a kontinye poze yon defi pou nou ki renmen rejon Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence la epi vle wè li pwospere. Se poutèt sa Gouvènè Cuomo te bay DEC ak lòt manm nan REDI enstriksyon pou bay pwoteksyon kominote kote nou yo ak enfrastrikti yo priyorite nan elabore yon ajenda global pou amelyore rezistans liy kote a".

Prezidan ak Direktè Jeneral DASNY an, Dtè. Gerrard P. Bushell, te deklare, "DASNY fyè kontribye nan inisyativ REDI Gouvènè Cuomo a epi li kanpe pare pou ede kominote lokal nivo dlo ki monte yo te touche yo bò Lak Ontario ak Rivyè Saint

Lawrence la. Lè n ede reydon sa yo rebati yon fason pi solid ak pi entelijan, n ap sèten yo kapab reponn bezwen ijan y ap genyen yo nan lavni epi n ap garanti reyisit ekonomik alontèm yo".

Michael Kopy, Direktè Operasyon Dijans Gouvènè a te deklare, "Sa ki tris la, nou dwe kòmanse gade inondasyon sa yo kòm sa ki nòmal kounye a ak yon pwoblèm ki p ap janm sispann toutotan moun ki responsab jere nivo dlo yo pa kòmanse fè yon pi bon travay, epi Manman Lanati pa deside ba nou yon chans. Avèk Komisyon REDI sa a Gouvènè a etabli an, kounye a nou pral kapab mete sou pye solisyon alontèm ki pral ranfòse efikasite operasyon jesyon ijans akoutèm nou yo pwochèn fwa sa rive".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU